from each other by a variety of style features, figurative structure, texture, writing technique, but each of them contains a grain of ethnos mentality. Gaip Demesinov's works are set out in such a way that they take into account practically all the possibilities of the playing performing apparatus. Deep comprehension and organic perception of folklore artistic and expressive means allows the composer to saturate the musical fabric of his works with developed melodic structures characteristic of Karakalpak folk song and instrumental art [8:143].

National characteristics are also manifested in rhythmic and harmonic forms.

The music of G. Demesinov is characterized by dynamic development of the theme, polyphonization of the texture, epicism of expression, and cantilena. The use of such a wide range of expressive means forms the composer's compositional style, intonational and harmonic originality, national characteristic of his works. With all the complexity and versatility of the musical architectonics, the emotional openness and wisdom of philosophical generalizations conquer with artistic power.

**References**

1. Abrosimova T.N. «Содержание и формы организации музыкально-образования учителей начальных школ конца XIX нач. XX в.»: Author's abstract of Cand. ped. sciences: 13.00.01.
2. Azarova JI.H. Развитие творческой индивидуальности младшего школьника в условиях семейного и общественного воспитания».: Author's abstract Dis. kand. ped. nauk: 13.00.01. –M.: 1997. –C. 24.
3. Скребков С. Художественные принципы музыкальных стилей. –М.: «Музыка», 1973.
4. Рабинович Д. Исполнитель и стиль. Избранные статьи. - Вып. 1. Проблемы пианистической стилистики. –М.: Советский композитор, 1979.
5. Михайлов М. Стиль в музыке. –Л.: «Музыка», 1981.
6. Назайкинский Е. Стиль и жанр в музыке. // Учеб.пособие для студ.высш.учеб.заведений. –М.: «Владос», 2003.
7. Чинаев В. Исполнительские стили в контексте художественной культуры XVIII-XX веков (на примере фортепианного исполнительского искусства): Автореф.дис.д-ра искусствоведения. - М.: 1995.
8. Хашимова Д. Фортепианные произведения композиторов Узбекистана. Автореф. дис. канд. искусствоведения. -М.: 1985.

**REZYUME**. Maqolada qoraqalpoq bastakori G‘.Demesinovning fortepiano asarlarining uslubi va janri ochib berilgan, fortepianoning ifodalash imkoniyatlari – tembri, dinamik ranglari, kolorit palitrasi haqida so‘z boradi. Ayniqsa, bu yerda keng nafas ohanglari bilan bir qatorda musiqaga epik hikoya, vazminlik va ulug‘vorlik baxsh etgan holda mavzularning deklomativ bayoni katta o‘rin tutadi.

**РЕЗЮМЕ**. В статье раскрывается стиль и жанр фортепианных произведений каракалпакского композитора Г.Демесинова, о выразительных возможностях фортепиано – его тембр, динамические краски, колористическую палитру. Особенно большую роль играет мелодии широкого дыхания и декламационное изложение тем, сообщающее музыке эпическую повествовательность, сдержанность и величавость.

**SUMMARY.** The article reveals the style and genre of piano works by Karakalpak composer G. Demesinov, the expressive possibilities of the piano - its timbre, dynamic colors, coloristic palette. Especially, the declamation of themes plays a great role where along with the melodies of wide breathing, giving the music epic narrative, restraint and majesty.

**УДК:394**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТОЙЛАРЫНДА ӨЗ АРА ЖӘРДЕМ ДӘСТҮРИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Г.М.Хожаниязова –** *таяныш докторант*
*Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Таянч сўзлар:** қоракалпоқлар, ўзаро ёрдам, никоҳ тўйи, сарпой, дастурхон очиш.
**Ключевые слова:** каракалпаки, взаимопомощь, свадьба, сарпа, открывать подарки.
**Key words:** Karakalpaks, mutual assistance, wedding, sarpai, “opening the gifts”.

Қарақалпақ халқы әсирлер даўамында түркий халықлар болған өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен халықлары менен биргеликте турмыс кеширип, өз ара татыў жасап киятырған халықлардан бири есапланады. Бул халықлар күнделикли турмысында той ҳәм мерекелерди бирге атқарып, бирге ўақты хошлық етип байрамлағаны менен де, олардың той ҳәм мерекелеринде үрп-әдет дәстүрлери ҳәм қәделериндеги бир қанша парықлықты сезиўимизге болады. Әсиресе, миллий өзгешелик, үрп-әдетлердиң айырмашылығы, дәстүрлердиң сақланып қалғанлығы тойларда көзге тасланады. Мәселен, қарақалпақлардағы той мәресимлеринде халықтың өзине тән болған үрп-әдет дәстүрлери, қәделери арқалы әсирлер даўамында сақланып қалған ҳалда басқа халықлардан түптен парықланады.

Солай екен, биз бул жумысымызда қарақалпақларда той мәресимлериндеги заманагөй үрп-әдетлер ҳәм өз ара жәрдем мәселесиндеги айырым дәстүрлерге тоқталыўды мақсет еттик.

Бүгинги күндеги қарақалпақ тойлары бир неше басқышлардан ибарат болып, олардың ҳәр бири өзине тән мәресим ҳәм үрп-әдетлерге бай. Оларға әмел етиў болса, үлкен материаллық қәрежетти талап етеди. Бунда тийкарынан үйлениўдиң қандай усылда әмелге асырылыўынада байланыслы болады. Қарақалпақларда үйлениў еки усылда әмелге асырылады:

- биринши усылда қыз ҳәм жигиттиң бир-бири менен келисими тийкарында *«жигит қызды алып қашып»* турмыс қурады. Қызды алып қашып үйлениў усылы қыз тәрептиң, ҳәм жигит тәрептиңде хожалық бюджетине оншелли аўырлық түспейди. Бундай жағдайда дәстүрлер, үрп-әдетлер дәбдебесиз орташа өткериледи. Бул жерде соны да айрықша атап өтиў орынлы, жаслар үйленип, турмыс қурарында, шаңарақ бюджетиниң кескин жетиспеўшилигине ушырап өзлериниң жақын ҳәм өзлерине қарағанда сәл қурғынырақ туратуғын дайысы яки туўысқан ағасының үйине *қыз алып қашып* барып үйленетуғын болған. Бунда сол күнги күтилетуғын қонақларға сарыпланатуғын қәрежетлер, болажақ келин тәрептен келетуғын *«тәп берди»*[*] ни күтиў ҳәм оларға *сарпай*[*]

[*]тәп берди- алып қашып кетилген қыздың изинен келиўши жақын ҳаяллар. 4 ямаса 6 болып келип, қыздың түскен жерин көреди, егер қыз жигитти қәлемейтуғының айтса, алып қайтады. Бирақ қызды тәп бердиге келгенлердиң алып қайтыўы кемнен-кем ушырасады. Қыз ҳәм жигит бир-бирин қәлеп турмыс қурып атырған болса, тәп бердиге келгенлер отырып тамақланып, жигиттиң жақынлары менен танысып қайтарында өзлерине арналған саўғаларды алып қайтады.

бериў сыяқлы әмеллер атқарылатуғын еди. Бул ҳәрекетлер жигиттиң сол жақын ағайини тәрепинен жәрдем есабында әмелге асырылып, жаслардың турмыс қурыўына себепши болар еди. Информатор берген мағлыўматы бойынша: *«Қызды алып қашып үйлениў 1990-жыллардан 2005-жылларға шекем жүдә көп ушырасатуғын жағдайлар еди. Узатып алып үйлениў ямаса алдынан өтип дәстурхан апарып болып үлениў деген сыяқлы дәстүрлер бирең сараң ушырасар еди ҳәм жоқтың қасында еди. Алып қашып үйленгенде де қурғынырақ (байлаў туратуғын) ағасының үйине ямаса дайысының үйине апарыў үрдис еди. Сол жерде халықтың дәстүрин етип, қыз тәрепти хабардар етип үлкен жүкти өз мойнына сол жақынлары алатуғын еди»* [6] деп көрсетеди ҳәм буннан туўысқаншылық катнасықларындағы өз-ара жәрдем дәстүриниң бир түрин көриўимизге болады.

Усы орында изертлеўши, М.О.Косвенниң пикирине көре, *келинди урлаў* дәстүри матриархатқа тән емес. Жәмийет патриархал жәмәәт формасына өтилгенинен кейин матриархат дәўиринде орнатылған тәртипти бузбаў ушын қыз қәлеседе, қәлемеседе қашып кетиўге мәжбүр болған [2:134-136]. Ҳәр қандай жағдайда да *«қыз алып қашыў»* дәстүри илажсызлықтан әмелге асырылған. Усындай *«қызды алып қашып»* үйлениў, заманагөй қарақалпақлар турмысында көбинесе, шаңарақлық жетиспеўшиликтиң себебинен усы формада үйлениў жағдайлары ушырасады [1].

Солай етип, үйлениў тойы жигиттиң шаңарақ бюджети жағдайынан келип шығып, ағайин-туўысқан ҳәм жақынлары менен ойласылған түрде бериледи. Тойға шекем жигиттиң үйинде *«келиншекке шашыў» (жигит қызды алып қашып келген күни берилетуғын мереке, шама менен үлкен хожалықларда 70-80, орташа хожалықларда 40-50 адам қонаққа шақырылады)* берилип жигиттиң үйленгенлиги ағайин-туўысқан, аўыл арасында жәрияланады.

-екинши усылда жигит ҳәм қыздың бир-бирине ыразылығы тийкарында елдиң алдында ата-анасының *«ақ пәтиясын»* алып *«айттырып алып»* той береди. Қызды узатып алып үйлениў дәстүринде көплеген жағдайларда қоңсы халықларымыздың тәсири ҳәм оларға еликлеў сезиледи. Себеби, қызды айттырып барғандағы себетлер, *(себетлер ҳәр түрли кондитер өнимлери, қыз ушын арнаўлы торт, нан өнимлери салынған арнаўлы себет, мийўе өнимлери салынған арнаўлы себет ҳәм ақ таўарға оралған қәделик дастурханнан ибарат болады)* саўшылық мәресимлериниң усындай дәбдебеге толылығы, пәтия тойларындағы дәстүрлердиң көпшилигинде қоңсы өзбек халқының айырым элементлериниң тәсири көзге тасланады.

Бүгинги күнде қарақалпақлар турмысында усындай жүдә үлкен дәбдебели, үлкен қәрежет талап етиўши тойлар дәстүрге айланып бармақта. Усы әмеллерди атқарыў ушында, қарақалпақлар жәрдем бериўдиң жаңа усылларын, көринислерин пайда етип, турмыста қолланып атыр.

*Айттырып алып* үйлениў үлкен қәрежет талап етиўши, дәбдебели той болғанлықтан оннан көбинесе қалалы жерлерде, қурғын, жасаў шараяты жақсы болған шаңарақлар пайдаланады.

Қыз тәреп узатылатуғын қыздың мәўсимлик кийим-кеншеги, аяқ-кийиминен баслап таза хожалық ушын керекли болған затларды бериўге ҳәрекет етеди.

Қыздың узатылатуғын күни болса, үлкен дәбдебе менен белгили қосықшыларды шақырып халық қосықларынан болған *«ҳәўжар», «қыз сыңсыўы»* сыяқлы қосықлар менен жигиттиң үйине узатылады. Ал, жигит тәреп болса, қыздың үйине саўшылыққа барыўдан баслап көп қәрежетлер сарыплайды: қыздың қалың малын төлеў, үйлениў тойын өткериў, қонақларды күтиў ҳәм басқада қәрежетлер. Себеби, үйлениў тойының өзи қалалы жерлерде еки басқышқа бөлинеди бет ашар тойы (мусылман тойы ямаса күндизги той) ҳәм жаслар тойы. Аўыллық жерлерде жасаўшы, бардамлы шаңарақларда болса, қызды бир күн узатып алып келип бет ашар, мусулман тойын өткереди, екинши күни, жаслар тойын береди, оннан кейин қәлеўине бола ҳәр түрли спорт жарысларын шөлкемлестиреди: *«ат шабар», «қошқар урыстырмақ», «қораз төбелестириў», «палўанлар гүреси», «арқан тартыспақ»* ҳ.т.б. Булардың ҳәр қайсысында жеңимпазларға арнаўлы саўғалар береди. *(Мысалы, 1-орын түйе, 2-орынға ат, 3-орынға қара мал дегендей. Дала жазыўларында Бозатаў, Қанлыкөл районларында бақланды.).*

Бул көрсетилген әмеллер ең ирилери болып, олардың ишинде жәнеде қәрежет талап етиўши майда дәстүрлер де сақланып қалған. Әсиресе, қарақалпақ ҳаял-қызлары турмысында той ҳәм мәресимлерде саўға алмаслаў дәстүри кең орын алған. Бундағы саўға тийкарынан таўар, орамал, ерлер шапаны ең тийкарғысы есапланады. Таўар, орамалларды саўға есабында, бир жағынан жәрдем есабында апарады. Тойға келиўшилер жақсы көйлеклик таўарды *қутлы болсын тойларыңыз* деген мақсетте апарса, орнына орташа көйлеклик таўар ямаса орамал қайтарылады. Бунда сиздиде усындай *жақсы тойларға жеткерсин* деген мәнисте бериледи. Ал, туўысқан, жақынлары тәрепинен апарылған таўарлардың орнына ҳеш нәрсе қайтарылмайды. Бирақ, тойда алып барылатуғын саўғалар көбинше социаллық қарыздарлықты келтирип шығарады [5:16]. Олар тәрепинен алып келинген нәрселер жәрдем есабында қабыл етиледи. Тойға алып келинген ҳәм өз ара алмасылған таўар, орамал, шапанлар болып атырған тойда таза қудаларды *(қыз тәрептен келетуғын қонақларды)* сарпайлаў *(саўға есабында бериў)* ушын қолланылады.

Бул көрсетилген ҳәр бир әмеллер тийкарында, өз ара жәрдем бериў дәстүри арқалы, өз ара саўға алмаслыў процесинде бақлаўымызға болады. Изертлеўши Сентия Вернер: Социаллық зат алмасыў теориялары өз-ара қатнасықларды түсиниў ушын саўға, жақсылық, миймандослық алмаслаў моделлерин береди. Усы теорияларға көре, алыўшы өз бериўшисине алған затын әдалатлы қайтарыўға мораллық жақтан мәжбүр, бирақ бул қайтарыўдың шәртлери алдыннан келисилмейтуғынлығын атап көрсетеди [4:597-612]. Ҳақыйқатында да, қарақалпақ тойларындағы туўысқанлар, дослар, қоңсылар арасында өз ара усынылатуғын жәрдем, ўақыт өтиўи менен қайтарылатуғын жәрдемлерден есапланады. Ал, бул жәрдемниң әҳмийетли тәрепи, саўға алмасыў теориясы

*сарпай-қарақалпақларда қандайда бир мүнәсибет пенен өз-ара саўға алмаслаў. Оның тийкарғы көриниси тойларда, қуда шақырыспаларда көзге тасланады. Тийкарынан ҳаяллар ушын таўар, орамал, жемпир берилсе, ер адамларға шапан, костюм шалбар, ерлер көйлеги саўға есабында той ийелерине бериледи.

инсанның социаллығын, адамлардың бирлигине тийкарланған жәмийеттиң ишки дүзилисин қәлиплестириў механизмлерин түсиниў ушын гилт береди [3:1-29].

*«Қыз узатыў»* тойында, қыздың жүгин, керек әнжамларын ағайин-туўысқан, жақын досларының көмеги менен тайынлаў бүгинги күнде үрдис болған. Қыздың жүгине заманагөй үскенелерди, телевизор, кир машина, пылесос, духовка, микро толқынлы ысытыў печи, гилем сыяқли ири қәрежетли затларын ағайин-туўысқан жәрдем есабында я қаржылай, яки дүкәннан сатып әкелип берип өз ара жәрдемин береди. Усы орында иформатордың мағлыўмат бериўинше: *«Жақында қыз узатып той бердим. Туўысқан инилерим биригип қаржылай той алдыннан жәрдем етти. Бийкешлерим болса, қызымның жүгиниң ири әнжамларын әкелип берип өзлериниң жәрдемин көрсетти. Досларым болса, сандыққа (аршаға) салынатуғын кесе шәйнек, азлы кем ири кийимлерине жәрдем етти»*деп көрсетеди [7].

Турмыс қурыўдың-үшиншиси, тәғдир себепли, жеңгешилик* тийкарында турмыс қурыўы *(бунда, турмыс қурғанлар қандайдур келиспеўшилик тийкарында ажырасып кеткенлер, яки жубайының қайтыс болып қалыўы менен жалғыз қалғанларды жеңгешилик етиўшилер тәрепинен олардың басын қосыўы)*-деп алынып, бунда тийкарынан анасыз қалған балаларды аналы етиў, ийесиз қалған ошаққа ийелик етиў сыяқлы жақсылық ислерди ислеў ушын ҳәрекет етиледи. Бул той жүдә дәбдебели болмастан, жақын ағайин-туўысқанлар арасында әмелге асырылып, елге мәлим етиледи.

Жигит тәрепте *«үлкен той»* басланғаннан кейин, жигиттиң үйине қыз тәрептен қонақлар келеди. Булар-таза қудалар деп айтылады. Тойдың тийкарғы қонақлары болған *«қуда ҳәм қудағай»*ларды жақсылап күтип алыў ҳәм күтиў мәресими болады. Таза қудаларды толы дастурхан әтирапына мират етеди. Әдетте, қудағайлар яғный ҳаяллар 20-30 әтирапында келсе, қудалар яғный ер адамлар 15-20 адам әтирапында келеди. Олар бөлек-бөлек етип безетилген ханаларға жайғастырылады. Усы орында қуда ҳәм қудағайларды күтетуғын толы дастурханды безетиўде Қоңырат районындағы бүгинги күнниң жаңа үрдиси болған *«тағара»* мәселеси дыққатымызды тартты. Бунда, қуда-қудағай күтип *«үлкен той»* берип атырған үйге, курдаслары, дослары, сиңлилери, бийкешлери тәрепинен *«тағара»* сыпатында дастурханға қойылатуғын, заманагөй тағамларды *(грилл, котлет, белячи, сомса, қуўырылған балық, гөшли ассортиментлер (малдың тили, қазы, тауық гөшинен рулет) сыяқлы тағамлар)* асханалардан арнаўлы писиртирип әкелиў *(кафе, ресторанлардың рекламалық баннерлеринде «тағараға заказ аламыз» деген арнаўлы жазыўларда бар)* ҳәм қоңсылар арасында да усы «тағара» мәселесине арнаўлы кеўил бериўине гүўа болдық. Информатор Қоңырат районы турғыны У.Ешниязованың мағлыўмат бериўинше: *«Мен өзим көшениң ҳаялларының бийимен, тойларда «тағара» апарыў бүгинлери жақсы жолға қойылып атыр. Бул жағдайға коңсыларда биригемиз. Қоңсылар арасында тийкарғы өлшем етип, ҳәр хожалықтан 1кг гөштиң пулын жыйнап «тағаралық» зат есабында той болып атырған үйге жәрдем есабында беремиз. Булда «үлкен той» берип атырған үйге әдеўир жәрдем есапланады»* [9] деп көрсетсе, Нөкис қаласы турғыны информатор Хожамбергенова Гүлзар апаның мағлыўмат бериўинше бундай «тағаралық» жәрдем бирең сараң, енди-енди ушырасып киятырғанлығын, бирақ қаттыға дәбдебе емес екенлигин еске алады: *«Жақында қоңсымыз үлкен той берди. Сонда еки қурдасы қудағайлардың дастурханына қойыўға үлкен еки ыдыста сомса писирип әкелди. Жақын достысы бар екен, ол дастурханға тауық (грилл) писирип әкелип жәрдем етти»* [8] деп көрсетеди. Бул болса, қарақалпақлар турмысында өз ара жәрдем бериўдиң жаңа түрлериниң пайда болып баслағанлығын көрсетеди.

Усы қуда күтиспекте қарақалпақларда жүдә әжайип дәстүрлердиң бири *«дастурхан ашыў»*, *«сарпайлаў»* ямаса *«кийит қойыў»* дәстүри болып, бүгинги күде трансформацияға ушырағаны менен өз орнын толық жойытпаған. *«Сарпайлаў»* ямаса *«кийит қойыў»* дәстүри тиккелей болажақ қудағайлар арасында шешиледи. Бул дәстүрдиң тиккелей қатнасыўшыларыда ҳаяллар есаплананды.

Тойға келген қудағайлар яғный ҳаяллар, өзлери менен бирге, болажақ келинниң үйине бир себет мийўелер, бир себет мазалы кондитер өнимлери, ақ таўарға оралған дастурханда төрт нан, төрт пәтир, бетинде баўырсақ, сомса, беляши салынған дастурхан, ал және бир дастурханда, қыздың жақын туўысқанлары ушын арнаўлы исленген «есик ашты» қәдеси салынған болып, онда қыздың ата-анасы, аға-иниси, сиңлилерине аталған сарпайлар (саўғалар) салынған болады.

Дәстүр бойынша жоқарыда көрсетилген мәресимлер даўамында *«дастурхан ашыў»* дәстүри әмелге асырылады. Бунда, тийкарынан нан өнимлери ҳәм *«есик ашар»*ға арнаўлы исленген усы еки дастурханлар ашылады. Сол, екеўиниң бетине жақсы көйлеклик таўарлар салынады. Бул таўарлар сол дастурханды ашқан адамларға саўға сыпатында бериледи. Бундағы тийкарғы мақсет сизлерди де усындай жақсы күнлерге жеткерсин деген нийет пенен бериледи. *«Дастурхан ашыў»*шыны тийкарынан үйдиң ҳаял адамы таңлайды. Көпшилик жағдайда, ағайинлериниң арасынан бир жасы үлкен ҳаялды ҳәм жақын қоңсысынанда жасы үлкен кәйўаны ҳаялды таңлайды. Бул таңлаўдағы мақсет, узатылып атырылған қызға сол, апалардың жасын берсин, өнип-өссин деген нийет болады. *«Қудағайдың дастурханын ашыў»* дәстүрине қоңсы ҳаяллар да қатнасады. Бул *«дастурхан ашыў»*да қоңсы ҳаяллардың пайы деп арнаўлы түрде,10 ямаса 15 дана бир тартымлық орамаллар әкелинеди ҳәм қоңсы ҳаяллар арасында бөлисиледи. Бундағы мақсети, усындай жақсы күнлерге, тойларға бизлерди де жеткерсин деген түсиник бар.

Жуўмақлап айтқанымызда, қарақалпақларда той мәресимлеринде өз ара жәрдем бериў дәстүриниң орны жүдә үлкен. Әсиресе, той дәстүрлерин әмелге асырыўда ағайин-туўысқан, қоңсылар, дослар тәрепинен берилетуғын өз ара жәрдем той бериўши хожалықтың шаңарақлық бюджетине берилетуғын үлкен жәрдем есапланады. Қалаберсе, бугинги заманагөй қарақалапақ тойларындағы новациялық жағдайлардың өзи үлкен изертлеў жумысын күтип турған темалардың бири.

* жеңге-туўысқан ямаса урыўлас ағасының ҳаялы қарақалпақларда жеңге, кише деп айтылады.

**Әдебиятлар**

1. Бекжанова Б. Қорақалпоқ тўй маросими фольклорининг тарихий-этнографик хусусиятлари (никоҳ тўйи маросимлари мисолида) тарих фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) дисс. автореферати. –Нукус: 2020.
2. Косвен М.О. очерки первобытной культуры. –Москва: «Наука», 1957, -С.134-136
3. Ларкина Т.Ю., Юдин Г.Б. Теория дарообмена и формирование сообществ. // Материалы исследовательского семинара «Социология религии». 2221-7320. ПСТГУ, 2015. -С.1-29.
4. Werner Cynthia. Household networks and the security of mutual indebtedness in rural Kazakstan. // Central Asian Survey. (1998), 17(4), -P. 597-612.
5. Werner Cynthia. Gifts, Bribes, and Development in Post-Soviet Kazakstan.// Human Organization, Vol.59, № 1, 2000. –P.16
6. АДЖ- Автордың дала жазыўлары - Жуманазарова Қызларгүл Мойнақ районы. 2023.
7. АДЖ Хожамбергенова Сановар. Кегейли районы, 2022.
8. АДЖ Хожамбергенова Гулзар. Нөкис қаласы, 2022.
9. АДЖ Ешниязова Улша. Қоңырат районы. 2022.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг никоҳ тўйида қариндошлар, яқин дўстлар ва қўшнилар орасидаги ўзаро ёрдам анъанаси ҳақида сўз боради. Шунингдек, қорақалпоқларнинг тўй маросимларидаги замонавий урф-одатлар ва ўзаро ёрдам масаласидаги баъзи анъаналарига тўхталади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается вопрос о традиции взаимопомощи между родственниками, близкими друзьями и соседями на свадьбах каракалпаков. Также были затронуты современные обычаи свадебных церемоний и некоторые традиции, связанные с взаимопомощью у каракалпаков.

**SUMMARY.** The article examines the issue of the tradition of mutual assistance between relatives, close friends and neighbors at Karakalpak weddings. Modern customs of wedding ceremonies and some traditions related to mutual assistance among the Karakalpaks were also touched upon.

## РОЛЬ САПАРБАЯ ПАЛВАНОВА В КАРАКАЛПАКСКОЙ МУЗЫКАЛЬНОЙ КУЛЬТУРЕ

**А.Е.Жумабаев** – *преподаватель*
*Нукусский филиал государственной Консерватории Узбекистана*

**Таянч сўзлар:** бастакор, дирижёр, санъат, мусиқий мерос, ижод.
**Ключевые слова:** композитор, дирижёр, искусство, музыкальное наследие, творчество.
**Key words:** composer, conductor, art, musical heritage, creativity.

История Узбекистана насчитывает не одно тысячелетие и испокон веков в народе появлялись герои и ученые, мыслители и поэты, музыканты и литераторы – люди, которые творили историю нашего края и прославляли его на весь мир. Мы можем по праву гордится нашими великими предками, внёсшими неоспоримую лепту в развитие не только нашего государства, его науки и культуры, но и мировой цивилизации. Всем известны такие имена, как Великий Тамерлан, Мирзо Улугбек, Захириддин Бабур, Алишер Навои, Абу Али ибн Сина (Авиценна), Абу Райхан Беруни, Аль-Хорезми, Аль Фараби и др. [1:6].

В ряду талантливых личностей, на востоке всегда ценились люди умеющие воспевать свой край, посредством музыки выражать любовь, чаяния народа, историю. И сейчас, в эпоху обновленного Узбекистана, в стране большое внимание уделяется памяти людей, оставивших неизгладимый след в истории, в том числе, внесших огромный вклад в развитие музыкального искусства республики.

Одним из известных и почитаемых самобытных и талантливых музыкантов Каракалпакстана является композитор Сапарбай Палванов, в произведениях которого особенно ярко отражается глубокая связь с фольклором и традициями народного творчества.

Тяга к музыке у маленького Сапарбая Палванова проявилась еще в самом раннем детстве, виной чему, конечно же, являются гены прадеда - известного в Кунграде Амета-Бахсы. «Помню, я был совсем маленьким, когда отец купил патефон и три пластинки с народными песнями. Их я мог слушать целыми днями» - вспоминал позже Сапарбай Палванов.

Родившийся в Каракалпакстане, будущий композитор многие годы жизни провел в Туркменистане (г.Ташауз), куда переехала их семья и где он пошел в музыкальную школу по классу баяна. Он также стал активным участником хора и школьной самодеятельности, а все известные песни и танцы быстро подбирал на слух, а позже с легкостью записывал нотами популярные мелодии, при этом совершенно не пользуясь инструментом.

Уже в юношеском возрасте делаются первые попытки сочинительства. Появляются “Вальс”, “Этюд”, а песню “Живет у нас в поселке” даже исполняют в хоре музыкального училища.

Девятиклассником Сапарбай Палванов работает музыкантом в детском саду и руководит хором в Доме пионеров. В то же время сам занимается в хоровом и драматическом коллективах под руководством А.Герасименко, а по окончании школы поступает в Ашхабадское музыкальное училище сразу на два отделения: хоровое дирижирование и баян.

Большую роль в дальнейшей судьбе Сапарбая Палванова сыграла учеба в Ленинградской государственной консерватории имени Римского-Корсакова, в классе доцента Н.В.Романовского, руководившего известным хором “Молодые рабочие” - лауреатом международных конкурсов Всемирного фестиваля молодежи. В этот период ему доводится встретиться с такими величайшими личностями, как Игорь Стравинский, Герберт фон Караян. Неизгладимое впечатление оставляют концерт духового оркестра из Мичигана и хор Роберта Шоу, мастерски исполнивших произведения итальянских, французских, немецких и американских композиторов. Часто бывал на концертах дирижера мирового класса Евгения Мравинского. Все это оказало благотворное влияние на творчество и мастерство самого Сапарбая Палванова, который, в своих воспоминаниях говорил: «Мы слушали симфонии Чайковского, Бетховена, Шостаковича, Прокофьева в исполнении симфонического оркестра под управлением Мравинского. У нас в консерватории хором руководил замечательный хормейстер, доцент А.В.Михайлов, заслуженный деятель искусств РСФСР, а методику преподавания вела профессор Е.Н.Кудрявцева – народная артистка РСФСР. Ездили мы и в Москву на празднование 100-летия Ленинградской консерватории, где с большим успехом исполнили “Патетическую ораторию” Свиридова на словах Маяковского».

Студенческие годы быстротечный и выпускник Ленинградской государственной консерватории возвращается в Ашхабад, где работает в оперном театре имени Махтумкули. Однако, встреча с дядей, повторявшего мудрые слова: “Где твои корни, там ты и должен жить и работать”, толкают его к возвращению в Каракалпакстан.

Так, с 1966 года Сапарбай Палванов работает в Нукусском училише искусств имени Ж.Шамуратова на отделах хорового дирижирования и по классу баяна,